

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil dina ieu panalungtikan, katitén ngajawab pasualan-pasualan nu aya patali kana kaweruh siswa dina pangajaran guguritan nu ngagunakeun média *articulate storyline 3*, di handap aya sababaraha hasil anu dicindekeun luyu kana kagiatan panalungtikan.

Kaweruh siswa dina pangajaran guguritan kelas VIII SMP Negeri 29 Bandung Taun Ajaran 2020/2021 di kelas ékspérimén kagolong tuntas rata-ratana 81,5 di luhur nilai KKM. KKM na nyaéta 78. Aspék kahiji maham kana matéri dasar guguritan rata-ratana 10,6. Hartina siswa maham kana matéri dasar guguritan anu ngawengku (wangenan, bentuk, struktur, jeung kaidah dina panulisan guguritan). Aspék kadua maham kana struktur panulisan guguritan rata-ratana 11,5. Hartina siswa nganalisis sarta nyieun guguritan dibarengan ku maké struktur panulisan guguritan anu bener (ngawengku kaidah anu aya dina aturan pupuh). Aspék katilu maham kana eusi guguritan rata-ratana 2,3. Hartina siswa maham eusi guguritan luyu jeung watek pupuh anu dipaké na.

Kaweruh siswa dina pangajaran guguritan kelas VIII SMP Negeri 29 Bandung Taun Ajaran 2020/2021 di kelas kontrol kagolong can tuntas rata-ratana 60,1 kalawan di handap nilai KKM. KKM na nyaéta 78. Aspék kahiji maham kana matéri dasar guguritan rata-ratana 8,3. Hartina siswa can maham kana matéri dasar guguritan anu ngawengku (wangenan, bentuk, struktur, jeung kaidah dina panulisan guguritan) kalawan aya informasi anu kurang katepikeun nalika ngajawab soal (dina *postest*). Aspék kadua maham kana struktur panulisan guguritan rata-ratana 7,5. Hartina siswa ngan saeutik anu maham nalika nganalisis sarta nyieun guguritan maké struktur panulisan guguritan, ngawengku kaidah anu aya dina aturan pupuh. Aspék katilu maham kana eusi guguritan rata-ratana 1,9. Hartina siswa can maham kana eusi guguritan anu luyu jeung watek dina pupuh anu dipaké na.

Dina hasil panalungtikan di luhur, pangaruh média *articulate storyline 3* hasilna éfektif. Lantaran, kaweruh siswa dina pangajaran guguritan di kelas VIII SMP Negeri 29 Bandung Taun Ajaran 2020/2021 ngabogaan hasil anu kawilang béda antara kelas ékspérimén jeung kelas kontrol. Hasil di kelas ékspérimén nuduhkeun nilai rata-ratana 81,5 sedengkeun di kelas kontrol nuduhkeun nilai rata-ratana 60,1. Lian ti éta, hasil uji homogénitas diantara kelas ékspérimén jeung kelas kontrol ngahasilkeun nilai 0,006. Nilai $0,006 < 0,05$ hartina H_a ditolak. Hartina aya béda anu signifikan antara rata-rata hasil diajar di kelas ékspérimén (nu ngagunakeun média *articulate storyline 3*). Ku kituna, bisa dicindekeun hasil tina média *articulate storyline 3* éfektif digunakeun dina pangajaran guguritan siswa kelas VIII SMP Negeri 29 Bandung Taun Ajaran 2020/2021. Sabada medar hasil dina uji normalitas jeung uji homogénitas, satuluyna panalungtik ngagunakeun uji hipotésis, hasilna 74,500, Wilcoxon W na nyaéta 602,500, Z -5,904. Sedengkeun nilai signifikansi dina tabél hasil uji hipotésis na nyaéta ,000. Lantaran hasil Asym. Siq. (2-tailed) na $0,000 < 0,05$. H_a ditarima jeung H_0 ditolak. Hartina aya béda anu éfektif antara kaweruh siswa dina pangajaran guguritan di kelas ékspérimén jeung di kelas kontrol. Ku kituna, bisa dicindekeun média pangajaran *articulate storyline 3* (lumangsung kalawan éfektif) pikeun kaweruh siswa dina pangajaran siswa kelas VIII SMP Negeri 29 Bandung Taun Ajaran 2020/2021.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil ieu panalungtikan, dilarapkeunna média *articulate storyline 3* boga implikasi yén ieu média pangajaran bisa ditarima ku siswa. Dina lumangsungna kagiatan panalungtikan, média *articulate storyline 3* méré wawasan anyar anu asalna matéri guguritan téh saukur dibaca dina buku ayeuna bisa dibaca dina *aplikasi android*. Kalawan ngabogaan sababaraha kaonjoyan dina *fitur-fitur* sarta matéri anu dipidangkeun leuwih *interaktif*. Di antarana, aya conto rumpaka guguritan (anu dihaleuangkeun), tata cara nulis guguritan luyu kana aturan pupuh (ngawengku guru lagu, guru wilangan, jeung guru gatra), soal-soal guguritan dina wangun *game*, sarta wawasan anyar ngeunaan sajarah guguritan anu aya di tatar Sunda. Lian ti éta, dina kaayaan kiwari sakabéh kagiatan pangajaran wajib dilaksanakeun di imah sewang-sewangan. Ku kituna, ieu média téh bisa

Gifari Jakawali, 2021

MÉDIA ARTICULATE STORYLINE 3 DINA PANGAJARAN GUGURITAN

ngungkul rasa jenuh anu dialaman siswa. Anu satadina saukur maca maca matéri dina wangun tulisan atawa buku, dina ieu média siswa dibéré référénsi anyar ngeunaan guguritan kalawan dibarengan ku tampilan visual sarta *audio* salaku panganteur dina nerangkeun matéri anu intérkatif.

5.3 Rékoméndasi

Sabada dilaksanakeunna ieu panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi sangkan ieu panalungtikan kahareupna leuwih hadé tur mibanda progrés anu leuwih luhung dina kagiatan pangajaran, di antarana:

- a. *articulate storyline 3* bisa digunakeun sarta dimangpaatkeun dina pangajaran guguritan. Tujuanna sangkan jadi alternatif nalika medar bahan ajar anu asalna wangun lisan jadi wangun *aplikasi* nu *interaktif*;
- b. kahareupna, perlu diayakeun deui ieu panalungtikan anu ngagunakeun média *articulate storyline* dina pangajaran Basa Sunda anu séjén. Sangkan, jadi hasil bahan pangajaran anu leuwih *interaktif*; jeung
- c. pamugi, ieu *aplikasi articulate storyline 3* (pangajaran guguritan) bisa diaksés jeung di *download* dina *google playstore*.